



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**RANFÒSE BYOTEKNOLOJI NAN ETA NOUYÒK: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE
RENOVASYON PRÈSKE 3 MILYON DOLA POU SANT CNY BIOTECH
ACCELERATOR NAN UPSTATE MEDICAL CENTER INIVÈSITE ETA NOUYÒK LA
NAN SYRACUSE**

*Pwojè a pral gen ladan amelyorasyon enstalasyon yo k ap pèmèt pwogram nan
prèske double kapasite li pou aksepte plis inovatè sou plas*

*Investisman NYS k ap sipòte pwogrè pwochen jenerasyon an konplete estrateji
konplè rejyon an pou revitalize kominote yo ak fè ekonomi an grandi*

Foto CNY Biotech Accelerator a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan renovasyon nan sant CNY Biotech Accelerator (Akseleratè Byoteknoloji CNY) nan SUNY Upstate Medical Center SUNY an nan Syracuse. Pwojè a, ki pral adrese yon mank espas enklbatè syans lavi sou plas, pral gen ladan renovasyon espas ki egziste deja a pou konstwi ak ekipe 168 mètr kare (1,809 pye kare) espas laboratwa imid fleksib, 28 mètr kare (308 pye kare) chanm fwad, 49 mètr kare (526 pye kare) espas ekipman pataje, ak 51 mètr kare (548 pye kare) espas biwo ak travay. Ogmantasyon sa a pral pèmèt tou akseleratè syans lavi a fasilite jiska 10 lòt konpayi ki nan premye ak mwayen etap chak ane.

"Dènye investisman sa a nan CNY Biotech Accelerator a konfime angajman nou pou nou dirije lavni swen sante a, pou ede asire ke pwochen dekouvèt medikal la rive isit la nan Eta Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antreprenè k ap pote ide yo nan enklbatè sipò sa a konsantre sou fè syans medikal avanse, ede kondwi ekonomi nou an, epi asire tretman ak espwa pou moun k ap lite ak maladi ki menase lavi yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) Ian, Hope Knight, te deklare, "Sipò kontinyèl nou pou CNY Biotech Accelerator Upstate Medical la vle di ke plis antreprenè nan endistri a pral gen espas yo bezwen pou devlope inovasyon yo. Lè nou ede nouvo jenerasyon pansè sa yo pote plan yo soti nan konsèp rive nan komèsyalizasyon, nou ka ankouraje kwasans ak kreyasyon djòb nan ekosistèm dinamik sa a nan Nouyòk Santral."

Sant antreprenè CNY Biotech Accelerator a bay yon ekosistèm ki vize sipòte nouvo konpayi byoteknoloji k ap sèvi endistri teknoloji sante, famasetik, byolojik ak aparèy

medikal ki gen pwofi epi k ap komèsyalize aktivman yon pwodwi oswa sèvis ki gen rapò ak byoteknoloji. Pandan de dènye ane yo, CNY Biotech Accelerator a te gen yon enpak ekonomik de 65 milyon dola nan rejyon an, epi lokatè li yo te kreye 82 djòb.

An jeneral, renovasyon an pral transfòme espas ki pa twò itilize a an yon laboratwa imid fleksib ak kolaboratif, konvèti yon sal konferans an yon zòn ekipman komen, epi retire lavabo ak douch nan vestiyè premye etaj yo pou kreye yon chanm nwa pou travay mikwoskòp ak depo pou bagy kliyan yo. Zòn laboratwa fleksib ki modènize a pral gen ladan ban mobil, sjèz, ak lòt modifikasyon.

Detantè Chèz Prezidansyèl Alan ak Marlene Norton, epi Prezidan Upstate la, Mantosh Dewan, MD, te deklare, "The CNY Biotech Accelerator a se yon poto mitan inovasyon nan rejyon nou an. Envestisman plis pase 2 milyon dola pou amelyore etablisman sa a asire ke Nouyòk Santral kontinye rete yon kote pwogrè medikal yo fèt epi akselere. Nou remèsye Gouvènè Hochul sensèman pou lidèchip ak angajman li anvè Nouyòk Santral ak Upstate, k ap ede ankouraje inovasyon, kwasans ak amelyorasyon swen pasyan yo."

Direktè Egzekitif CNYBAC a, Kathi Durdon, te deklare, "Lè nou ofri espas laboratwa imid ki pa koute chè, ki fleksib, epi ki ekipe ak kabinè sekirite biyolojik, sistèm vantilasyon ak ekipman pou tout moun pataje, nou kapab atire plis konpayi ki nan premye ak mitan etap devlopman yo ki ka konsantre efò yo sou devlopman pwodwi, anbochaj, egzijans regilasyon, ak finansman pou yo ka agrandi epi grandi pou yo vin youn nan laboratwa imid solo nou yo ki gen plis pase 84 mètr kare (900 pye kare). NYBAC ofri kliyan li yo akonpayman ak sipò atravè pwogram tankou Seri CNYBAC Concept to Commercialization (Seri Konsèp rive nan Komèsyalizasyon) ki fèt sou entènèt chak mwa, konkou Alan W. Rothschild Innovation Award Pitch, ak pwogram Medical Device Innovation Challenge (Defi Inovasyon Aparèy Medikal) ki gen anpil siksè a. Kliyan CNYBAC yo jwenn aksè a ekspètiz Upstate Medical University ak enstalasyon CORE yo, ansanm ak resous komèsyalizasyon espesifik. Anplis de sa, kliyan CNYBAC yo kalifye pou aplike pou Upstate Biotech Ventures, yon patenarya devlope ant Empire State Development, Upstate Medical University, SUNY Research Foundation ak Excell Partners k ap envesti nan nouvo konpayi ki gen gwo potansyèl epi ki afilye ak inivèsite a."

Empire State Development ap ede ak pwojè renovasyon an, bay jiska 2.25 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò CNY Rising (CNY Rising Upstate Revitalization Initiative) lan. Kounye a, amelyorasyon akseleratè a ap fèt, yo prevwa l ap fini nan ete 2028 la.

Ranfòse Byoteknoloji nan Eta Nouyòk

Endistri byoteknoloji ak syans lavi nan Nouyòk se yon motè kwasans ekonomik. Rechèch ak devlopman nan domèn byoteknoloji pa sèlman kontribiye nan pwogrè pou byen piblik la, jan dekouvèt revolisyone pou geri maladi temwanye sa a, men li kreye tou nouvo travay ki peye byen pandan li louvri chemen pou antreprenè ak jèn antrepriz yo. Apati envestisman estratejik Gouvènè a nan syans lavi, ki gen ladan kreyasyon Sant

Inovasyon Tretman Selil ak Jèn nan Long Island ak nan Lwès Nouyòk ak Fon Komèsyalizasyon Byodefans pou jwenn nouvo tretman pou maladi enfektye, Gouvènè Hochul te anonse nan [Diskou Eta Leta](#) li a nan kòmansman mwa sa a, yon plan pou lanse yon nouvo envèstisman k ap vize fè Nouyòk tounen sant prensipal inovasyon nan domèn syans lavi Inisyativ Gouvènè a pou Ranfòse Biyoteknoloji pral akonpaye tout faz nan chèn sektè syans lavi a, soti nan dekouvèt rive nan komèsyalizasyon, etabli pozisyon Nouyòk kòm lidè nan inovasyon byoteknoloji.

Pwojè CNY Biotech Accelerator a make tou dènye envestisman Eta Nouyòk nan lavni Upstate Medical Center a. Nan fen ane pase, Gouvènè Hochul te anonse ke faz konsepsyon an kounye a ap kòmans pou aneks lopital ki koute 450 milyon dola a nan etablisman an. Konepsyon an pral gen ladan yon nouvo departman ijans ak yon inite pou moun ki boule ki elaji pou sèvi Rejyon Nouyòk Santral la.

Chanselye SUNY John B. King Jr. te deklare, "Upstate Medical Center se yon pote mitan pou rechèch medikal piblik, li pote gwo avansman medikal nan kominote Syracuse la, nan Eta Nouyòk, ak nan nasyon nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lidè eta yo pou envestisman jenere yo nan renovasyon enstalasyon inivèsite a. Investisman sa a pral sipòte chèchè ak etidyan ki itilize enstalasyon sa yo pou kreye yon avni ki pi briyan pou syans ak medsin."

Komisè Departman Sante Eta Nouyòk la (Department of Health), Doktè James McDonald, te deklare, "Modènizasyon CNY Biotech Accelerator a nan Sant Medikal SUNY Upstate la se yon demonstrasyon angajman Gouvènè Hochul pou elaji lidèchip Nouyòk nan byoteknoloji ak syans lavi yo. Ankouraje inovasyon ak antreprenarya se yon eleman kle nan efò nou pou fè Nouyòk vin pi an sante e pi ekitab pou tout moun. Investisman sa a demontre tou angajman Gouvènè a pou asire avni Upstate Medical Center a."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Rechèch dènye kri k ap fèt nan CNY Biotech Accelerator a ap transfòme anpil lavi. Nou pa ka souzestime enpòtans travay sa a, epi envestisman 3 milyon dola sa a pou renove ak agrandi etablisman an pral garanti avni pwogram nan tout pandan l ap pèmèt plis rechèch ki ka sove lavi anpil moun. Investisman sa a pral benefisye sante jenerasyon k ap vini yo. Nou gen anpil chans pou nou gen enstitisyon rechèch sa a nan Syracuse, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou asire li pwospere pou plizyè ane k ap vini yo."

Manm Asanble Eta a, Pamela Hunter te deklare, "Investisman sa a nan CNY Biotech Accelerator a gen pou objèktif pou konstwi lavni swen sante ak opòtinite ekonomik isit la nan Nouyòk Santral. Lè nou elaji aksè ak espas ak resous laboratwa dènye kri, n ap ede konpayi inovan yo grandi, kreye djòb ki gen kalite siperyè, epi reyalize pwogrè ki ka sove lavi anpil moun. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè Upstate Medical University epi lefèt ke li rekonèt ke lè nou investi nan rechèch, inovasyon ak talan, nou ranfòse tout rejyon nou an ak eta nou an."

Majistra Vil Syracuse, Sharon Owens, te deklare, "Vil Syracuse ak rejyon Nouyòk Santral la konte sou inovasyon nan syans lavi yo pou amelyore sante epi pou ankouraje kwasans ekonomik. Renovasyon sa a nan CNY Biotech Accelerator SUNY Upstate la se yon gwo pa annavan. Investisman sa yo adrese mank enstalasyon enkitabè yo epi antreprenè ki rejwenn gwoup la pa sèlman ap fè syans medikal avanse, men tou, y ap kreye djòb, atire investisman, epi ranfòse pozisyon nou kòm yon lidè nan ekonomi syans lavi yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Prezidan Upstate la Doktè Dewan ak ekip li a, ansanm ak delegasyon Lejislatif Eta nou an paske yo te defann investisman sa a nan avni Nouyòk Santral."

Pou plis enfòmasyon sou CNY Biotech Accelerator, vizite: <https://cnybac.com/>.
Pou plis enfòmasyon sou Upstate University Medical Center SUNY an, vizite: <https://www.upstate.edu/>.

Akselere Devlopman Ekonomik nan Sant Nouyòk

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Avèk biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvizè [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

Prezantasyon Inivèsite Eta Nouyòk

Inivèsite Eta Nouyòk se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km (30 mil) de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory). An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè li yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan Nouyòk. Depans pou rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.16 milya dola nan ane fiskal 2024 an, ki genyen ladan yo gwo kontribisyon etidyan ak fakilte yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)